

Bible lessons. **Lesson 14** **GOD REGRETS THE CREATION OF MAN**

Genesis 6:1-12

Memory verse: **“Who is often rebuked, and hardens his neck, will suddenly be destroyed, and that without remedy.” Proverbs 29 :1**

## IMANA YICUZA UKUREMWA K’UMUNTU

### ICIRWA CA 17

Itang. 6:1-12

Ijambo ngenderwako :**“uwuhanurwa kenshi akanega izosi azovunagurwa giturumbuka atagira gitabara “** (Imig. 29:1).

#### I. Intangamarara.

Imana yafashe umugambi wo kurema abantu ibakunze cane. Imurema mw’ishusho yayo. Kuva kuri Adamu, abantu bahisemwo kumvira no gukora ivyo Satani abaavye. Vyatumye Imana yicuza cane icatumye abarema. Abana b’Imana bitegereza abana b’abantu babona ni beza barongora muri bo abo bitoranije. Ubu bukwe bwari bubujijwe n’Imana Yoswa 23:12-13. Uku kwicuza kwatumye Imana itegura igihano kubamwanka bese. *“Maze uko kwipfuzwa gutwara inda, kukavyara icaha, icaha kimaze gukura kikavyara urupfu “* James 1:15.

#### II. Abana b’Imana barongora Abana b’abantu.

Umurongo wa 1,2 « *Abana b’Imana barongora abakobwa b’abantu.* » Impavu 2 zerekana ko atari abadayimoni :

1. Iyo baba bari abadayimoni ntibokwiswe « abana b’Imana » babaye ari abamarayika batararwa naho, ntiboshatse kuryamana n’abakobwa b’abantu. Satani amaze gukororwa, abamarayika basigaye mw’ijuru bemejwe nk’ab’ukuri b’Imana•

**2. Mat. 22** herekana ko abamarayika batavyara. Ububasha bwo kuvyara bwahawe ibinyabuzima vyo kw’isi. Imana nta ngorane igifitaniye n’abadayimoni, ariko umwana w’umuntu ngo amurokore. Aha abana b’Imana ni abamuka kuri Seti umuhungu wa Adamu, Abantu bo muri iki gihe ntawakora ikinezereza Imana atari Nowa gusa.

### III. Ivyaha vy'abantu b'iki ghe.

Kuva abantu bambere bakora icaha bakumvirira Satani, kugera n'uyu musu bari musu y'imivurungano, ubwicanyi, ubusuma, uburozi, uburyaya... Ibharuro vyerekana - Muri 1900 abantu biswe bangana 10.000 muri leta ya Amerika gusa.

- Mu musegonda umwe abantu babiri baba bpfuye. 1 urupfur usanzwe, uwundi ubwicanyi.

-Muri 1987 ubusuma, gufata kunguvu ,ubwicanyi bwanganye 10.000.000

-Muri iyi myaka amaleta yo kw'isi arashigikiye ivyaha vy'ubugesera : abagabo barongorana, abagore barongorana, ukwambara ubusa, ubusambanyi bubera mu bibanza vyiratiro bose bakaroreza, amashengero basenga bari gusa...Ibi vyose vyagizwe ibisanzwe m'ubuzima bw'abatuye isi.

Amashengero menshi yitirirwa Kristo bagendera kurutonde rumwe n'aho ab'isi bageze mu nyigisho, mu ndirimbo, imyambaro ...Abenshi babona ko ari itermbere ariko ari ya mayeri ya Satani. Imana iyo ibiraba iricuza icatumye irama umuntu. « **bazobona ibara, kuko bajanye inzira ya Kayini,**» **Yud.1 :11a**

### IV. Isezerano ry'umucunguzi

Adamu na Eva bahora banezererwa imigenderanire yabo n'Imana, bakavugana nayo, ariko bamaze gucumura birahagarara, birukanwe vyose birahagarara.

Umwami Yesu yemera kuza mw'isi y'umuvumo kugira acungure abantu. « **kandi ntawundi agakiza kabonerwamwo, kuko ata rindi zina musu y'ijuru ryahawe abantu dukwiye gukurizwamwo** » **Ivyakozw 4 :12** muri Kristo wenyene niho ukwezwa k'umuvumo w'icaha ushoboka. Amaraso yaviriye k'umusaraba aroza icaha cose, akongera akeza umuntu.

### V. Gushira mu ngiro

Imana yaremye umuntu imuzigamwo ubugororotsi, yagomba ko azohora ayihimbaza nkuko ibindi biremwa vyo mw'ijuru bibikora, nayo umuriro wo wari wateguriwe Satani n'abadayimoni. **Mat.25 :41.**

Vyoba bibabaje mu gihe ibikorwa vyawe vyoba bituma Imana yicuza ico yakuremeye. Ico wokora ni gusenga ubu nyene, ni wewe Yesu Kristo yaje gucungura. Wibuke ko: "**uwuhanurwa kenshi akanega izosi azovunagurwa giturumbuka atagira gitabara.**

Bible lessons. **Lesson 15 FLOODWATERS/ PUNISHMENT TO THE WICKED**

**Genesis 6:14-22; 7:6-13; 8:1-5.**

Memory verse: **“As it was in days of Noah, even so will it be also in the days of the coming of the Son of Man.” Luke 17 : 26**

## UMWUZURE / IGIHANO KU BANYAVYAHA

### Icirwa 22

Itang. 6:14-22; Itang. 7:6-13; Itang. 8:1-5.

Umurongo ngenderwako: **“Kandi uko vyari biri mu misi ya Nowa, niko bizoba mu misi y’umwana w’umuntu »** Luka 17:26

### I. Intangamarara.

Abantu batanguye kugwira mw’isi, ukubaha Imana yaremye ijuru n’isi bibavamwo bagakora ibibi vyagahebuza. Imana iravuga ngo : Ndicujije ico nabiremeye nzobimara mw’isi vyose. Uburyo yahisemwo kwari ukubamarisha umwuzure. imusaba kubaka ubwato azohungiramwo we n’umuryango wiwe, n’abandi bobishatse, n’ibindi bikoko bizoshobora gusigara kw’isi nyuma yo kurimbuka kw’isi. Ubwo bwato bwangana n’ikibuga c’umupira w’amaguru.

### II. Ukumvira kwa Nowa.

Naho ubwo bwato bwari bunini ukuraho ; Nowa yabikoze akurikije ibipimo Imana yamuhaye. Ikiboneka ni uko hashobora kuba hari ibibazo vyoba vyariko biravugangwa mu kibano : kubera iki uriko urabaza ubwo bwato ? mbega imvura izorwa ? imvura ni igiki ? ego, ariko nanje sindayizi ariko izorwa ni uhunge uburake bw’Imana. Bakamuseka. Nowa yaragereranya ibizoba kuko aho yaba hari hegeranye n’ibahari Mediterana.

### III. Uguhunga kw’abagorotsi.

Kuva kera Imana yamye itanga uburyo k’umuntu wese yagomba guhunga igihano cayo. Igihe Imana yabwira Abrahimu ko igiye kurandura Sodomu na Gomora, Burahamu yishuye ati : « **Icompa ntubikore ! ntiwicane uwutunganye n’umunyavyaha...** » [Itang.:18:25] Imana yamanye imbabazi k’umuntu kandi ntaho yemera ko abatunganye barimbukana n’abanyakibi.

### IV. Bureremba hejuru y’imisozi.

**Imisi 40 n’amajoro 40 imvura irikirwa ni myinhi cane. Iyo yonyene ntakinyabuzima coba kigishobora kubaho. Amazi yamaze imisi 150,**

**n'ukuvuga amezi 6. Vyose birapfa n'isi irahindagura uko yaremwe. Niho haba imisozi n'ibiyaya. Nyuma yiyo misi niho Nowa yatangura kurungika igikona kikabura aho gihagarara, nyuma arungika inuma kabiri, ubwa kabiri niho yaza izanye akababi k'umuzabibu mukanwa. Nowa yamenya ko isi yumutse. Aka kababi k'umuzabibu cari ukimenyetso c'ubuzima bushasha hagati y'umuntu n'Imana.**

#### **V. Ukwihangana**

Nowa yari yamenyereye ubuzima bwo kw'isi, aca asabwa kuba hejuru y'amazi amezi 6 abana n'ibikoko mu bwato. Aha haratwigisha ko umuntu haraho biba ngombwa ko aba mu bihe bituma ahindura uko yari asanzwe abayeho. Nowa ntaho yigeze ashwanira n'umugore canke n'abana kubera ivyo bihe barimwo. Nyuma yaho Imana iramubwira gusohoka akava muri ubwo bwato. Asanga isi irumutse.

#### **VI. Uguhimbaza.**

Nowa akiva mu bwato yaciye yubakira Imana igicaniro atanga ikimazi. Ibi vyanejereje Imana cane. Cabaye ikimazi c'ishimwe bikatwereka ko igihe cose umuntu yibuka gushima Imana no mu bihe bigoye, bituma Imana ibandanya kumuha umugisha muvuyo asaba nivyo aba atarinze gusaba, kugira ngo yumve amashimwe yabo yaremye igihe cose abikoze yashize ukuri, urukundo n'ivugabutumwa imbere y'ibindi. Urugo rwiza, bihangana ibibabayeko vyose, ntibatanako imyikomo.

#### **VII. Nowa umuvugabutumwa mwiza mu muryango wiwe.**

Nowa yabaye umucunguzi w'umuryango wiwe kuko atawokwemeza ko vyukuri abo bana biwe n'abakazana bari batunganye imbere y'Imana, ariko kubera Nowa yabakunda yarababwiye ubutumwa bwiza barakira. Nico nawe Imana igusaba gukora. Vuga ubutumwa uhere mu muryango wawe hanyuma mu kibano urereke Imana yikorere. Kiza abo woshobora gukiza ukiriho uzoba ubaye umwigishwa wa Kristo ahindura abandi kuba abigishwa biwe.

#### **VIII. Bimeze gute uyu musu ?**

Mu gice ca 9 herekana Imana ishiraho isezerano hagati y'umuntu nayo. Umunwamazi. Ubwiza bw'Imana. Iri sezerano ryahinduye vyinshi kw'isi. Isi ntizosubira kerengerwa n'umwuzure ukundi. Abagarariji biki gihe bishimikiza iri jambo bakivugira bati : « **Nivyo, Nowa yabayeho mugihe c'ikinyavyaha ; ariko twebwe ntaco tuzoba kuko Imana yashizeho isezerano ryiza. Nta bihano bizosubira ku bantu** » uko niko bariko bahakana ivy'umusi w'Umwami. Uru nirwo rukanwe n'ibihe turimo.

## **IX. Gushira mu ngiro.**

Ijambo ry’Imanariravuga riti: “**kandi uko vyari biri mu misi ya Nowa, niko bizoba mu misi y’umwana w’umuntu** » Luka 17:26

Mu gihe ca Nowa yarabivuze irabishitsa. Mu gihe ca Roti yarabikoze. Umuriro. Imana irakundana ariko irahana abayikengereye. No muri iki gihe kiza izohana abo bose banse kuyumvira. Itanure ry’umuriro. Mat. 13:42. « **Bazotererwa mw’itanure ry’umuriro ; niho hazoba amarira no kuryana insya z’amenyo** »

Muri iyi si y’ikinyavyaha, birashoboka kuba uwizigirwa, agahore. Bigusaba kugenda nkuko ijambory’Imana rivuga mu guheba ibigutanya n’imana ukemera gusenga.